



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES BAY NOUYÒKÈ YO  
MIZAJOU SOU EFÒ SAN PATIZAN POU PWOTEJE DWA VÒT AK SEKIRITE  
PIBLIK PANDAN ELEKSYON 2024 YO**

*Vòt antisipe a te kòmanse samdi 26 oktòb epi y ap kontinye jiska dimanch 3 novanm; Biwo vòt yo ap ouvri madi 5 novanm soti 6:00 a.m. Jjska 9:00 p.m.*

*Resous milti-ajans yo deplwaye pou konbat move enfòmasyon; Prepare pou reponn ak nenpòt ki anpèchman pou vote*

*Yo ap raple Nouyòkè yo ke Ofisyèl Eleksyon Eta ak lokal yo se sous konfyans pou Nouyòkè yo pou vòt antisipe ak lòt enfòmasyon sou vòt yo*

*Votè yo ki gen pwoblèm nan biwo vòt yo ta dwe kontakte liy dirèk pwoteksyon eleksyon Pwokirè Jeneral la lè yo rele 866-390-2992 oswa pou [sòmèt yon plent sou entènèt](#)*

*Gouvènè a te siyen yon lejislasyon k ap mennen nan peyi a pou pwoteje dwa vòt pou Nouyòkè yo*

Gouvènè Kathy Hochul ak Pwokirè Jeneral Letitia James jodi a bay yon mizajou sou efò san patizan pou pwoteje dwa vòt ak sekirite piblik atravè Eta New York pandan eleksyon 2024 yo. Efò sa yo gen ladan resous milti-ajans nan tout eta a pou konbat move enfòmasyon epi reponn a nenpòt ki anpèchman pou vote. Sa kontinye angajman Gouvènè a ak Pwokirè Jeneral la depi lontan pou pwoteje dwa vòt tout Nouyòkè yo.

"Pandan Nouyòkè yo voye vòt yo, n ap pran tout mezi ki nesèsè pou asire karaktè sakre pwosesis demokratik nou an pou tout moun ka tandè vwa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "An patenarya ak Pwokirè Jeneral James ak lapolis atravè eta a, nou te etabli zouti ak pwoteksyon pou garanti dwa tout sitwayen yo pou yo patisipe nan eleksyon sa a — epi n ap toujou kanpe pou defann dwa sa yo kont moun ki menase yo."

**Pwokirè Jeneral Eta New York la, Letitia James, te deklare,** "New York gen yon istwa long nan eleksyon lib ak jis, e ane sa a pa diferan. Biwo mwen an ap prepare depi plizyè mwa pou yon pwosesis eleksyon ki an sekirite epi ki san pwoblèm, epi n ap kontinye fè tout sa nou kapab pou defann dwa fondamantal Nouyòkè yo pou vote.

Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan tout nivo gouvènman ak lapolis k ap travay avèk biwo mwen an pou asire ke chak Nouyòkè konnen dwa yo epi yo pwoteje pandan y ap vote nan eleksyon sa a. Si w gen nenpòt pwoblèm nan biwo vòt yo oswa si w gen pwoblèm pou vote, tanpri kontakte Liy Dirèk Pwoteksyon Eleksyon biwo mwen an."

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Eleksyon New York yo an sekirite epi yo pral rete an sekirite ak pwoteje. Chak Nouyòkè ta dwe ale deyò epi vote ant kounye a ak Jounen Eleksyon an. Pou plis detay sou fason pou vote, ki gen ladan biwo vòt yo ak lè biwo vòt yo ouvri, tanpri kontakte Konsèy Eleksyon Eta a ak Konsèy Eleksyon Konte lokal ou a pou jwenn bon sous enfòmasyon sou eleksyon ke yo fè konfyans oswa vizite [www.elections.ny.gov](http://www.elections.ny.gov)."

**Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare,** "Ozetazini, vòt se yonn nan dwa nou pi rancheri yo. Lapolis Eta New York rekonèt li enpòtan pou pwoteje karaktè sakre ak entegrite privilèj sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Biwo Pwokirè Jeneral la pou sipò yo pou nou kapab pwoteje enfrastruktir nou an ak fè vòt vin yon pwosesis ki an sekirite pou tout Nouyòkè yo."

Jounen Eleksyon an ap fèt madi 5 novanm. Vòt antisipe te kòmanse samdi 26 oktò epi li pral dewoule jiska dimanch 3 novanm. Votè yo ka jwenn [vòt antisipe ak biwo vòt jounen eleksyon yo](#) sou entènèt.

Liy Dirèk Pwoteksyon Eleksyon Biwo Pwokirè Jeneral (Office of the Attorney General, OAG) la ap disponib pou rezoud pwoblèm ak rezoud yon seri pwoblèm elektè yo rankontre soti samdi 26 oktòb rive mèkredi 6 novanm. Nouyòkè yo ka kontakte Liy Dirèk pou Pwoteksyon Eleksyon an swa lè yo rele (866) 390-2992 oswa [lè yo soumèt yon plent sou entènèt](#).

### **Konbat move enfòmasyon**

Se konsèy elektoral bipatit yo nan konte a oswa konsèy vil la ki administre eleksyon Eta New York yo epi Konsèy Elektoral Bipatis Eta New York la sipòte yo. Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James jodi a te raple Nouyòkè yo ke Konsèy Eleksyon Eta a ak konsèy eleksyon konte atravè eta a se pi bon sous enfòmasyon konkrè an tan reyèl sou eleksyon ak vòt nan Eta New York.

Votè yo ta dwe okouran de kontni ki kapab fo oswa ki twonpè ki gen rapò ak eleksyon, ki ka itilize pou kreye konfizyon ak mefyans nan sistèm ak pwosesis vòt yo, sitou lè yo pwopaje sou platfòm rezo sosyal yo. Sa a ka sou fòm fo imaj ki te kreye pa entelijans atifisyèl, oswa tou senpleman enfòmasyon ki pa kòrèk ki pataje pa kamarad yo.

Nouyòkè yo ka vizite [Konsèy Eleksyon Eta New York la sou entènèt](#) pou jwenn enfòmasyon sou fason ak ki kote pou vote, epi pou aprann plis sou mezi ki anplas pou pwoteje entegrite eleksyon an. Nouyòkè yo ka swiv Konsèy Elektoral Eta New York la tou sou X [@NYSBOE](#), [Facebook](#), [Instagram](#) ak [YouTube](#), epi yo ou ka jwenn

[enfòmasyon pou kontakte konsèy eleksyon konte yo](#) atravè Eta New York atravè sitwèb Konsèy Eleksyon Eta a.

Pwokirè Jeneral James te pibliye tou yon gid ki rele [Pwoteje Nouyòkè yo kont Move Enfòmasyon sou Eleksyon ke Entelijans Atifisyèl \(AI\) Pwodui](#) pou ede pwoteje kont move enfòmasyon AI te pwodui konsènan eleksyon k ap vini yo.

Nenpòt moun ki gen kesyon oswa ki wè move enfòmasyon sou eleksyon yo distribye ta dwe kontakte Konsèy Eleksyon Eta New York la nan [info@elections.ny.gov](mailto:info@elections.ny.gov) oswa (518) 474-1953 oswa rapòte li nan Liy Dirèk Pwoteksyon Eleksyon OAG a lè yo rele (866) 390-2992 oswa [souvèt yon plent sou entènèt](#).

### **Pwoteje Enfrastrikti Eleksyon ak Sekirite Piblik**

Gouvènè Hochul te mete aksan sou angajman kontinyèl li pou asire yon pwosesis eleksyon ki an sekirite ak lis. Sa vin posib grasa patenarya pandan tout ane a ant ajans gouvènman federal, eta ak lokal ki dedye pou asire ke chak elektè ka vote yo epi asire yo konte yo.

Koperasyon milti-ajans sa a pral kontinye pandan tout Eleksyon Jeneral 2024 la, epi resous yo pral disponib pou ede nan yon repons rapid e òganize nan ka nenpòt pètibasyon eleksyon ki ta ka rive. Pi souvan, pètibasyon sa yo enkli ensidan tankou liy elektrik ki tonbe, entèripsyon nan sèvis entènèt ak fèmèn wout ki gen rapò ak move tan.

Eta New York te investi anpil tou nan modènize ak amelyore enfrastrikti eleksyon eta a nan dènye ane yo. Depi 2019, eta a bay plis pase 140 milyon dola nan finansman eta ak federal pou sipòte pwojè kle tankou achte ekipman ak amelyorasyon pwotokòl sekirite yo.

Gouvènè Hochul te raple votè yo tou ke tout rezilta sware eleksyon yo pa ofisyèl, epi gendwa pa genyen yon gayan klè nan kèk kous jiskaske tout bilten vòt pa lapòs ak vòt afidavi yo konte pa konsèy eleksyon konte bipatit la atravè eta a epi eleksyon an sètifye. Ajans Eta yo tankou DHSES ak NYSP pral kowòdone avèk patnè fòs lòd lokal yo nan jou apre eleksyon an pou asire ke manifestasyon piblik nan lapè ki gen rapò ak eleksyon an kontinye nan yon fason ki pwoteje dwa Nouyòkè yo genyen pou yo eksprime libète lapawòl pandan y ap kenbe sekirite piblik la.

### **Defann Dwa Vòt**

Gouvènè Hochul te deja siyen [Lwa sou Dwa Vòt istorik John R. Lewis la nan New York](#) – pami lwa dwa vòt ki pi vast nan nivo eta a nan peyi a. Lwa enpòtan sa a te retire baryè ki te genyen pou jwenn aksè ak biwo vòt yo epi asire tout elektè ki kalifye yo gen opòtinite egal pou vote nan Eta New York. Lwa a gen ladan mezi kle yo pou anpeche represyon ak entimidasyon elektè yo, elaji asistans langaj ki gen rapò ak eleksyon an, epi asire aksè ekitab bilten vòt la pou tout votè ki kalifye yo.

Anplis de sa, nan mwa out la, nan 59è anivèsè Lwa sou Dwa Vòt 1965 la, Gouvènè Hochul te siyen [yon pake lejislasyon](#) pou ranfòse pwoteksyon vòt yo epi rann li pi fasil pou votè yo vote nan New York.

Pwokirè Jeneral James [te bay konsèy](#) tou ki vize pou anpeche entimidasyon elektè yo ak pwoteje dwa elektè yo pandan eleksyon 2024 yo. Nenpòt moun ki temwen entimidasyon elektè ki kapab danjere ta dwe rapòte ensidan an imedyatman bay lapolis lokal yo ak OAG.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)